ЩэкIуэгъуэм и 16-р Къурмэн махуэхуэщ

ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№213 (21.871) ● 2010 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 13, щэбэт ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къурмэн махуэшхуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А. Б. цIыхухэм ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Лъэпкъ куэду зэхэт ди цIыхубэм къадекIуэкI хъугъуэфIыгъуэхэм къыгуэхыпIэ имыIэу япщIа, цIыхум бгъэдэлъ гурыщIэ лъагэхэм, ар псапэмрэ гущIэгъуэмрэ, дахуэхахэм защIэгъэкъуэным зэрыхущIэкъум я дамыгъэ лъапIэу щыт Къурмэн махуэшхуэмкIэ муслъымэн псоми сохъуэхъу. Апхуэдэ гурыщIэхэм цIыхухэр зэпэгъунэгъу ящI, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэным хуаунэтI, абы къыхэкIыу ахэр ди дежкIэ мыкIуэдыжын фIыгъуэщ.

Къурмэн махуэшхуэм ехьэлIауэ ди лъэпкъым и зэхэщIыкIым, щэнхабзэм, хабзэхэм нахьри зыкъаIэтыжыну, гущIэгъуэмрэ псапэмрэ яхуэунэтIауэ иджыпсту зэфIагъэкIхэр ди псэм сыт щыгъуи хэльыну икIи зэпымыууэ ди щIэгъэкъуэну щытыну си гуапэщ.

Муслъымэнхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, насып, ефIэкIуэныгъэ яIэну сохъуэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органым и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым щыIэм и Iуэхущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советыр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм и Iуэхущ» Федеральнэ законым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «о» пунктым ялъытыжу, **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органым и лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и полномочиехэм я пIалъэм хуэдизкIэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым гъэкIуэн Бечелов Ильяс Борис и къуэр.

2. Мы Указыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хуегъэхьын.

3. Мы Указым къару егъуэт Федеральнэ законым щыгъуэва хабзэм тету.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 8-м
№140-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органым и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым щыIэм и Iуэхущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советыр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм и Iуэхущ» Федеральнэ законым и 5 статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «ж» пунктым ялъытыжу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органым и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым Бечелов Ильяс Борис и къуэр гъэкIуэным щIыкIэр дэIыгъын.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советымрэ яхуегъэхьын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ ЖАНЫМ Руслан

Налшык къалэ
2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м
№534-П-П

Зэрыдзэхуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щыгъэхэтащи мычъзу зэIущIэ. Ар иригъэкIэщIащ КЪБР-м и хабзэгъэув орган нэхъыщхьэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Жаным Руслан. ЗэIущIэм щыхэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органым къыбгъэдэкIыу УФ-м и Федеральнэ зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым щыIэ лIыкIуэм и Iуэхум.

МЫ ГЪЭМ фокIадэм и 28-м КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен щIэрыщIэу хахьжа нэужь, республикэм къыбгъэдэкIыу УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым щыIэ лIыкIуэр зэрылажьэ пIалъэри икIащ. Абы кьыхэкIыуи, КЪБР-м и Президентым Парламентым зыхуигъэзащ, ФедерацэмкIэ Советым лIыкIуэу щыIэр хэхьныем екъулIауэ. Президент Къанокъуэ Арсен депутатхэм яхуигъэлъэгъуащ Бечелов Ильяс.

КЪБР-м и Президентым кьыхилъхьар даIыгъуэу, зэIущIэм къыщыпсэлъащ депутатхэу Ахьуэхьу Къанщобий, Геккиев Заур, Смирновэ Татьянэ, Кебеков Владимир сымэ, нэгъуэщIхэри.

Депутатхэм зэдзэрэзыуэ IэIэткIэ Бечелов Ильяс хахащ УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым КЪБР-м и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органым къыбгъэдэкIа лIыкIуэу щыIэжьэну.

- А лэжьыгъэр екъэжьын хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентми Правительствэми кууэу удэлажьэу. Ди лъахэм дежкIэ а Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр кьызгурыIуэу, фыкъыхэзогъэгугъэ къызэвгъэзэа дзыхьыр згъэпэжьну, - жиIащ абы.

ГЪУЩIО Зариф.

● КЪБР-м и Парламентым

ЛIыкIуэу хахащ

Бечелов Ильяс Борис и къуэр Къзэхъ ССР-м щыщ Джамбул областым хыхьэ Джиенбет поселкэм 1951 гъэм къыщалъхуащ, балъкъэрщ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, СССР-м и МВД-м и академиер кьиуэщащ.

1973 - 1975 гъэхэм дзэ частым и ротэм и командиру щытащ. 1975 гъэм КЪБР-м и МВД-м и Iуэхущ Iапэм и отрядым и унафэщIщ, а Iуэхущ Iапэм и унафэщIым политикэ-гъэсэныгъэ дэжьыгъэмкIэ и къуэдзэщ. 1982 - 1988 гъэхэм КЪБР-м и МВД-м ягъэтIысахэр щалIыгъ, щагъэлажьэ Iуэхущ Iапэ хэмкIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэу, унафэщIу лэжьащ.

КЪБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и епщыкIутIанэ хэхыгъэм и депутату, КЪБР-м и Парламентым и япэ хэхыгъэм РеспубликэмкIэ и Советым и депутату, КЪБР-м и Парламентым и етIуанэ хэхыгъэм Лыкlуэхэмкlэ и Советым и депутату, КЪБР-м и Парламентым и ещанэ хэхыгъэм и депутату щытащ.

2001 - 2003 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрщ.

2003 гъэм щыщIэдзауэ 2009 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIу щытащ. Иджыпсту КЪБР-м и Парламентым и депутатэ, Законодательствэмрэ къэрал хэхыгъэмкIэ, Законым тетыным, хабзэр хъумэным, жылагъуэ щынагъуэщIагъэм яныщIа Iуэхухэмкlэ комитетхэм хэтщ, Социальнэ страхованэмкIэ фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщIщ.

Бечелов Ильяс Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юристщ.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапэ Iэ.

Адыгэ Академиер ипэкIэ мэкIуатэ

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Президиумым и зи чэзу зэхуэс дыгъуасэ екIуэкIащ. Абы хэтащ ЩIДАА-м и Президент Нэхущ Iэдэм, вице-президент Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд, щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Iхьэзэпль Хьэсэн, академием хэтхэр.

Додуев Аскэр Нэхущ Iэдэм дипломыр иретыж. *Сурэтыр* Белых Наталье *трихащ.*

ЗЭIУЩIЭМ и пэщIэдзэм ЩIДАА-м и член-корреспондент, академик хьуахэм щыхьэт тхыльхэр яритыжащ Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд. Апхуэдэуи щIэныгъэлI Хьаний Мирон КЪБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкIэ и министерствэм и Щыхь тхыльыр кьызэрыхуагъэфэщам папщIэ кьызэхуэсахэр ехьуэхьащ.

Адэкlэ зэIущIэм хэтхэр кьытеувыIащ �щIДАА-м и кьудамэхэмрэ щIыналъэхэм щыIэ щIэныгъэ центрхэмрэ 2010 - 2011 гъэхэм зэрылэжьэну планыр убыхуным. Япэу псалъэ ратa **ЦIыпынэ Аслъэн** тепсэльыхьащ тхыдэ-филологие щIэныгъэхэмкIэ къудамэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм. Абы кьыхихьащ зыхуагъэувыжа къалэнхэр хъарзынэу зэрагъэзащIэр, мурадыщIэхэр зэралэр. КьыдагъэкIыну тхыльхэм я гугъу щищIым, ЦIыпынэм кьыхигъэбелджылыкIащ адыгэ IуэрыIуатэм и япэ томым елэжьын зэраухар, етIуанэм и ужь зэриткIэ; «Адыгэ литературэм и тхыдэр» мы гъэм и дыгъэгъазэм дунейм кьыхэзырытекьэнур, етIуанэ томыр зэрагъэхьэзырыр, ардыдэхэр урысыбэзкIэ кьыдагъэкIыну зэрамурадыр.

АдэкIэ къэпсэльащ ЩIДАА-м и Краснодар щIэныгъэ центрым и унафэщI **Щоджэн Iэсхьэд**, Къэрэшей-Шэрджэс щIэныгъэ центрым и лэжьыгъэр зэрыригъэкIуэкIым кьыхэзыхуэсахэр **Иуан Зэуал**, апхуэдэуи �щIДАА-м и щIэныгъэ кьудамэхэм я лэжьыгъэм и планыр утыку кьрахьащ **Кьалэ Хьэжбарэ** (физикэ щIэныгъэхэмкIэ кьудамэ), **Нэгъуей Бесльэн** (медико-биологие щIэныгъэхэмкIэ кьудамэ), **Хьаний Мирон** (щIым екъэлIа щIэныгъэхэмкIэ кьудамэ), **Кьалэжьокъуэ Хьэсэн** (математикэ щIэныгъэхэмрэ нанаинформационнэ технологиехэмкIэ кьудамэ) сымэ. Абыхэм яубзыхуа планхэм кьызэхуэсахэр арэзы тхьхуащ икIи ар IэIэткIэ кьагъэлъэгъуащ.

Тхьэзэпль Хьэсэн утыку кьрихьащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и Президиумыр 2010 - 2011 гъэхэм зэрылэжьэну ягъэува планыр. Ар кьытеувыIащ зэхуэсхэр щрагъэкIуэкIыну пIалъэхэм, кьыщалэтыну Iуэхугуэхэмрэ гу нэхь зыльатапхьэхэмрэ.

2010 гъэм Мейкьуапэ щекIуэкIа зэIущIэм кьыщащта унафэр гъэзэщIа зэрыхъуэм тепсэльыхьащ **Нэхущ Iэдэм**. Кьыкlэлъыкlуэу ар кьытеувыIащ Хамэ кьэралхэм щыщу �щIДАА-м хэтхэмрэ ди лъэпкъэгъу хэхэсхэмрэ ядэлажьэнымкIэ совет кьызэгъэпэщын зэрыхуэм.

Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд кьыхилъхьащ �щIДАА-м мылькукIэ зыкъыщIэзыгъакIуэ совет кьызэрызэгъэпэщыпхьэр икIи абы хэгъэхьапхъэу кьилыгтэхэм я цIэ-унэцIэхэр кьриIащ. Абыкlэ арэзы хьури, Нэхущ Iэдэм жиIащ Iуэхум нэхъыбэу хэзыщыкIхэм щапхьэ ятехауэ, совет зыхуей хуэзэу зэтеублэныр зэрыфIэигъуэр.

ЗэIущIэм зыкърезыгъэхьэлIа, «Мингн Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ, КЪБР-м и Парламентым и депутат **Додуев Аскэр** ЩIДАА-м и Президентым кьритыжащ ЩIэныгъэхэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, бизнесымкIэ Кавказым и жылагъуэ академием и академик Нэхущ Iэдэм зэращIам и щыхьэт тхылыр.

АдэкIэ Хьэфыщ Iэм иджыри зы хьыбар гуапэ яжриIащ къызэхуэсахэм. УФ-м и Президент Медведев Дмитрий 2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 9-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, профессор Нэхущ Iэдэм кьыхуагъэфэщащ ЩIыхьым и орденыр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

Къурмэн махуэшхуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А. Б. цIыхухэм ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Лъэпкъ куэду зэхэт ди цIыхубэм къадекIуэкI хъугъуэфIыгъуэхэм къыгуэхыпIэ имыIэу япщIа, цIыхум бгъэдэлъ гурыщIэ лъагэхэм, ар псапэмрэ гущIэгъуэмрэ, дахуэхахэм защIэгъэкъуэным зэрыхущIэкъум я дамыгъэ лъапIэу щыт Къурмэн махуэшхуэмкIэ муслъымэн псоми сохъуэхъу. Апхуэдэ гурыщIэхэм цIыхухэр зэпэгъунэгъу ящI, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэным хуаунэтI, абы къыхэкIыу ахэр ди дежкIэ мыкIуэдыжын фIыгъуэщ.

Къурмэн махуэшхуэм ехьэлIауэ ди лъэпкъым и зэхэщIыкIым, щэнхабзэм, хабзэхэм нахьри зыкъаIэтыжыну, гущIэгъуэмрэ псапэмрэ яхуэунэтIауэ иджыпсту зэфIагъэкIхэр ди псэм сыт щыгъуи хэльыну икIи зэпымыууэ ди щIэгъэкъуэну щытыну си гуапэщ.

Муслъымэнхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, насып, ефIэкIуэныгъэ яIэну сохъуэхъу.

Урысейпсо Iуэхугъуэ

● Дыгъуасэ

Дыгъуэпшыхь Налшык къыщыдзэIуахащ телевизионнэ хъыбарегъащIэ нэтынхэм я «Мамырыгъэ. ЗэгурыIуэныгъэ. Зэкъуэтыныгъэ» IV Урысейпсо фестиваль. Абы хэтщ Урысейм и телекомпаниеу 65-рэ. Абыхэм я лэжьыгъэу фестивалым къыщагъэльэгъуэнур 200-м ноблагъэ.

УРЫСЕЙПСО зэхьхьэ дахэр ди республикэм махуищкIэ щекIуэкIынущ. ХьэщIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм яIуцIэнущ, ди лъахэм зрагъэщIыхуу, Шэрэдж, Шэджэм куейхэм кIуэнущ, «Россия» телеканалым и лэжьакIуэхэм щыIнаты журналистхэм папщIэ дерсхэр ятынущ.

Фнгу къэдгъэкIыжынущ, фестивалым щытекIуакIуэхэм хуагъэфащэ «Дыщэ нал» саугъэт лъапIэр зыгъэувар КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенщ. А налыр тращIыкIащ сурэтыщI Жылэ Анатолий и лэжьыгъэм.

Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьинкIа журналистхэр зэпеуэнущ «Стенд-ап нэхъыфI», «НапIэзыпIэ, къэувыIэ», «Микрофон щхьэхуит», «Кадрым и профессионал», «ЦIыхубэм я макъ» зыфIаща Iыхьэхэмкlэ. КьыщынэмыщIауэ, «Урысейр ди зэхуэдэ уняж», «Кавказ лъэпкъым щыщ цIыху» зи фIэщыгъэщIэ саугъэт щхьэхуэу тIу ягъэуващ.

УФ-м Печатымрэ хъыбарегъащIэ коммуникацхэмкIэ и федеральнэ агентствэр, КЪБР-м и Президентым и Администрацэр, УКЪТРК ФКъУП-мрэ абы ди республикэм щIэ къудамэмрэ зэкъуэувэри, фестивалыр 2006 гъэм япэу кьызэрагъэпэщат, Урысей Федерацэм и хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэр зэдзэгъэлэжьэным, щIынальэхэм я зэхуакIуэ дэпь мамырыгъэр, зэкъуэтыныгъэр, зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэным хуэунэтIауэ.

Фестивалым и кьызэгъэпэщакIэ комитетым и тхьэмадэщ КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и кьуэдзэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ГЪУЩIО Зариф.

Профсоюзхэм я XII пленум

КЪБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и XII пленум дыгъуасэ екIуэкIащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я УнафэщIхэм я кьуэдзэхэу Бозий Натбийрэ Гертер Иванрэ, профсоюз комитетхэм я Iэтащхьэхэр.

КЪБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщI **Тау Пщыкъан** пленумыр кьызэIуихри, и кьуэдзэу ягъэува **Егоровэ Галинэ** кьызэхуэсахэм яригъэщIыхуащ. Нэхьапэм а къалэныр зыгъэзащIэу щыта, иджыблагъэ КЪБР-м промышленностымкIэ, связьымрэ информатизацэмкIэ и министру ягъэува **Евтушенкэ Сергей** зыпэрыува кьулыкьум ехьулIэныгъэхэр щиIэну, республикэм и сэбэп зыхьэ IухьуфIхэр зэфIихыну ехьэхуащ.

АдэкIэ Тау Пщыкъан кIэщIу тепсэльыхьащ КЪБР-м и Профсоюз зэгухьэныгъэхэм я Советым 2005 - 2010 гъэхэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм техуа докладым и проектым.

Къэкlуэну илъэситхум (2011 - 2015 гъэхэм) Профсоюзхэм я федерацэм гульытэ зыхуищIынущ къалэнхэмрэ ахэр зэрызэфIахыну щыкIэмрэ техуа проектым кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ КЪБР-м и ПФ-м и унафэщIым и къуэдзэ **Бесльэней Чэмал**.

КЪБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и IV отчет-хэхыныгъэ конференц зызыIуагъэхьэзырым техуа докладым и проектым кIэщIу кьытеувыIащ Егоровэ Галинэ.

Федерацэм и Уставым и проектым кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюз комитетым и унафэщI **Карнышэ Сергей**.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сомыр утыку йохьэ

Сомыр дунейпсо валютэ хьэм хуэщIа щыжиIащ Сеул (Корее Республикэ) УФ-м и Президент Медведев Дмитрий.

НаIуэу зэрыщытщи, мы зэманым сомым и кварум хэхьащ. Хэбгъэзыхьмэ, Урысейм Китаймрэ зэIыхэм я ахьыщ зэхуэщIыкIэхэр зэтраухуэфынущ, долларыр хэмыту. УФ-м и Iэтащхьэм кьыхигъэщхьэхуэкIащ Урысейм Финанс центр кьыщызэрагъэпэщыну зэрамурадыр. А гупсысэхэр абы кьыщIИуэтащ къэрал нэхъ лъэрызехьэху 20-м я унафэщIхэм Сеул щрагъэкIуэкIа зэIущIэм.

Экономикэ Iуэхухэм тепсэльыхьыным щыпащэнущ Японцем мыбы ещхьу щекIуэкIыну зэIущIэми. Арщхьэкlэ абы Урысейм рэ Японием я унафэщIхэм Iэ щытрадзэнукьым экономикэ зэдзэкъэжьныгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэм. Ар кьрикIуащ УФ-м и Президентыр иджыблагъэ Курил хыгIыгуэм зэрыщыIэмкIэ Япониер зэрымыарэзым. А къэралым иджыри кьелыгтэ а хьтIыгуэр езым ейуэ.

Пщэдджыжьыр сыхьэтийм

Москва щыщ къулыкъущIэхэм ляпкIэ лэжьэн щIадзнущ пщэдджыжьыр сыхьэтийм.

Ар хуэгъэзащ къалащхьэм и уэрамхэм автомобилхэр щызэтремыгъэхьэным. КьызэрабжамкIэ, къулыкъущIэ мин 25-м щIигъу езыхэм хуэхаха автомобилхэмкIэ я лэжьапIэм макIуэ. Зы сыхьэткIэ нэхъ пасэу ахэр я IэнатIэхэм Iухьэмэ, гъэгум иракIуэ автомашинэхэм я бжыгъэм зыкъомкIэ Iэхущынущ.

Мы махуэхэм

ЩкIуэгъуэм и 13, *щэбэт*

♦ Зи нэхэм ямыльагъуэм я дунейпсо махуэщ. Ар ягъэлъапIэ нэфхэм я интернат дунейм щыяпэу 1784 гъэм Париж къыщызэIузыха франджы **Гаюи Валентин** (1745 - 1822) къыщалъхуа махуэм.

♦ Радиацэ, химие, биологие Iэщхэм зэдзэхьэным хуэхха дзэхэм я махуэщ

ЩкIуэгъуэм и 14, *тхьэмахуэ*

♦ Фошыгу узым пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ

♦ Илъэситу и пэкIэ (2005) Iэ традзащ Урысеймрэ Узбекистанымрэ зэкъуэтыным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦ Илъэс 70 и пэкIэ (1940) фашист авиацэр зэпымыууэ сыхьэт 11-кIэ бомбэхэмкIэ суащ Инджылызым и Ковентри кьалэм. Архитектурэ фэеплъ унэ куэд зэтракьутащ.

♦ КПСС-м и обкомым 1956 гъэм иригъэкIуэкIа пленумым щытепсэльыхьащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум зэрызыхуагъэхьэзырым. А Iуэхум теухуауэ абы кьыщыпсэльат обкомым и секретарь **Бэрбэч ХьэтIутIэ.**

♦ 1922 гъэм кьалъхуащ Урысей Федерацэм щнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, къэрал, жылагъуэ Iуэхуэхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Налшык къудамэм и тхьэмадэ **Ефэнды Джылахьсэн.**

ЩкIуэгъуэм и 15, *блыщIхьэ*

♦ Илъэс 40 и пэкIэ (1970) Совет Союзыр ыхьащ Граждан авиацэм и дунейпсо зэгухьэныгъэм (ИКАО).

♦ Илъэс 55-рэ и пэкIэ (1955) кьызэIуахащ Ленинград метрор.

Планэтэр зыгъэхьэзырыр **ШАЛ Мухьэмэд.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дыджым уемыдзакъэу, Iэфыр пщIэркъым.

«Адыгэ псалъэр» кьыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

2011 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ Iапэ псоми.

Ди индексыр 51531

● ЩIэджыкIакIуэхэм ящIэн папщIэ

Мысостышхуэ Пщызэбий и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ

«Адыгэ псалъэм» и нобэрей кьыдэкIыгъуэм щыгъущ Мысостышхуэ Пщызэбий теухуа гуэдзэныр. Лъэпкъыр зэрыгушхуэ актер гъуэзэджэм и гуащIэр уи нэгу кьыщIэзыгъэхьэ тхыгъэхэращ газетыр зыхуэхтар.

КьыдэкIыгъэр дгъэхьэзырын папщIэ, дэ кьэдгъэсэбэнащ Мысостышхуэ Пщызэбий и «Дунейр чэзыу» тхылъыр, 2010 гъэм кьыдэкIар. Ар тегъэщIапIэ нэхъыщхьэ щIэтщIами и щхьэусыгъуэр а тхылъым щызэхуэсахэр, артистышхуэм зэман зэхуэмыдэхэм хужаIахэри, цIыху гъуэзэджэр дунейм щекIыжа и абы и ныбжьэгъуэхэм я гуауэр кьызэрауэта псалъэхэращ.

ЩэкIуэгъуэм и 16-м пощтыр зэрылэжьэнур

2010 гъэм Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ Управленэу КЪБР-м щыIэм - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Iуэхущ Iапэ Iэ зэгуэтым и кьудамэм хиубыдэ пощт Iуэхущ Iапэ Iэу 1-нэ, 2-нэ классхэм хьхьэхэр (почтамтхэм щыIэхэр) щэкIуэгъуэм и 16-м тхьэмахуэ махуэм и графикым тету, сыхьэти 9-м щыщIэдзауэ сыхьэт 18-м нэсыху, мэлажьэ.

3-нэ, 4-нэ, 5-нэ классхэм хьыхь Iуэхущ Iапэхэм я лэжьакIуэхэм щэкIуэгъуэм и 16-м загъэпсэху.

● Къэрал Iуэху

Нэхъ езэгъырабгъуу

«УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТ» политикэ партым Къэбэрдей-Балькъэрым щIэ къудамэм зэгурыIуэныгъэ иришылIащ Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ округыр энергокъарукIэ кьыззэпэщыныбмрэ ар зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэныныбмрэ телажь Iуэху щIапIэм. Партым и Политикэ советым и секретарь, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и апэ къудзэз **Жаным Руслан** хьэрычэтыщIэу щымыт а Iуэхущ1апIэм и правленэм хэтхэм щIэущIам кьыззэрыхигъэщамкIэ, абы Iэмал ЫкIэ республикэр энергокъарукIэ кьыззэгъэпэщыным хуэунэтIа программэр гъэзэщIэным, пар тымрэ СКФО-м и Iуэхущ1апIэмрэ зэгурыIуауэ, зэдэIэпыкъуу елэжьныжьмкIэ.

- А зэгурыIуэныгъэр икъукIи и чэзуэр зэтущIылащ, сыту жыпIэмэ, республикэм пIалъэ кIэщIым кьриубыдэу Iу зкуГъуэшхуэхэр илэжьын хуейщ, энергокъарур зэгъэзэхуауэ кьыззэрыбгъэсэбэпынрэ зыубзыкъу законодательствэм ипкъ иткIэ. Псальэм папщIэ, къэрал, муниципальнэ мылькуу энергокъызэгъэпэщыкIэм телажьэ обьект мини 2-м щIигъуэ я щыгъыпэр, унэщIэхэм я энергосистемэ зыкъэзыгъэпсыгъуу кэдэ къэзыгъэсэбэп Iуэхущ1апIэхэм я Iуэху зыIутыр икIэщIапIэкIэ кьамыпщытэу хьунукъым. Партым, щIыпIэ самоуправленэмкIэ властым и органхэм, энергоаудитор-экспертхэм я кьарур зэуIу ямыщIмэ, энергиекIэ кьызэгъэпэщыным, абы Iуэхуэр щигъэпсыжьауэ, законодательствэм ипсо программэр мыгъэзэщIауэ кьэнэнкIэ шынагъуэщ, - жиIэ Жаным Руслан.

«Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым энергокъарур щызэпэзэхуэн, ар нэхъ езэгъырабгъуу кьыщыгъэсэбэпын» жыхуиIэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI Хлопонин Андрей гу лыитащ технологиещIэхэр, Iуэху зехьэкIэм и Iэмалыщ1эхэр гъащIэм хэпщэныр я компанием дежкIэ кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр, энергокъарур зэгъэзэхуэным хуэунэтIа Федеральнэ законым лэжьэн зэрыщIадзари экономикэм и энергетикэ IэнатIэм зиужьынкIэ лъабжьэ быдэ зэрахъуэжауэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Урысей зэкъуэт» пар тым и Совет нэхъыщхьэм и президиумым дежи щыIэу, мы гъэм кьызэрагъэпэщат энергокъарур зэгъэзэхуэныкIэ, нэхъ тэмэму кьэгъэсэбэпынымкIэ Iу зкуэр зыубзыкъу Зэ5ыгъэIу Совет. Абы и лэжьыгIэр хуэунэтIащ энергетикэ Iуэхуэхэм зэрыгъуэуэ Урысейм 2030 гъэ пщIондэ щылэжьыну кьэрал программэр гъэззэщIэным, абы папщIэ Урысей Федерацэм и закон зыбжанэм зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэным. А советым и кьарур псори ирехьэлIэ энергетикэ IэнатIэм хабзэгъэуэ лъабжьэ кьыхуэзэгъэпэщыным, зэгъэуэкIыным, технологиещIэхэр кьэгъэсэбэпынымрэ Iуэхуэнэ1а программэхэр, проектхэр гулъэфынШэу гъащIэм щIепхагъэкIыным.

ШУРДЫМ Мадинэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и прокурорым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 4 статьям и Iыхьэхэу 2-мрэ 3-мкIэ, 69 статьям и «л» пунктымкIэ, 95 статьям и Iыхь 5-мкIэ мыарзыуэ кьиIэта Iуэхум теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и прокурорым 2010 гъэм фокIадзэм и 24-м кьиигъэхьа тхыгъэ №7/5-84-2010-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 69 статьям и «л» пунктымкIэ зэрымыарзыкъым теухуауэ кьыщигъэлъэгъуар кьэщтэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 4 статьям и Iыхьэхэу 2-мрэ 3-мрэ, 95 статьям и Iыхь 5-м екъэлIа мыарзыныгъэр кьэщтэн хуэмейу кьэтыIэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ къэрал уэхэкIэмкIэ и комитетым хуэгъэувын Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и прокурорым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 69 статьям и «л» пунктым хунщIа дагъуэхэр зэгъэзэрыгъэуэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэжьынымрэ Iуэхуэхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и законым и проектыр игъэхъэзырыну икIи ар Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентыр хэпIэн папщIэ кьыхилъхьэну.

3. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и прокурорым и деж егъэхъын.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм я Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м
№527-II-П

● Гу зылъытапхъэ

ХэхакIуэ комиссэхэм хагъэхьэнухэр къагъэлъагъуэ

ЩЫНАЛЪЭ хэкакIуэ комиссэхэм хэтхэм я полномочиехэр 2010 гъэм зэриухым кьыхэжьIыну, Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхьныгъэхэм я лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныжькIэ хуитыныгъэмрэ кьызэрэзэпэщыныжькIэ щэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъэ законым и 26 статьям и пункт 6-м тету, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм кьыжьIыну щIидзащ унафэ щащIкIэ Iэ яIэтыну хуиту щыIнатIэ хэхакIуэ комиссэм я гъуэгу кьыхаугъэхьэр. Документхэр 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м нэсыху щыIахьынущ мы адресымкIэ: КъБР, Налшык къалэ, Ленниным и уэрам, №27, пэщ 151. Телефонхэр: **47-64-42, 40-26-88.**

ЩIынатIэ хэхакIуэ комиссэм унафэ кьыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту хагъэхьэнум и кандидатурэр кьагъэлъэгъуэн папщIэ зыхуей документхэр итщ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и **www.kabardin-balkar.izbirkom.ru** сайтым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэ.

● Щэнхабзэ

Дагъыстэныр зрагъэцIыху

«ЩIэнхабзэхэр зэрыщэдащ1ыгъуэгурыкIуэр» проектыр ипкъ иткIэ, КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкIэ и министерствэм зэригъэпэщащ «Дагъыстэн щэнхабзэм и махуэ» зэхэтыр. ЩэкIуэгъуэм и 9-м ар щекIуэкIащ ПотребкооперацэмкIэ Белгород университетым и къудамэу Налшык дэтым.

АБЫ ЩЕДЖЭ студентхэр Дагъыстэн Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм тепсэлъыхьащ. «Дагъыстэн» лъэпкъ щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI Алимирзаев Гасан къытеуIыщIащ ди гъунэгъу республикэм и тхыдэм, щэнхабзэм, зи тхьамафэ Iуэхущ1апIэм зэфIигъэкI лэжьыгъэм.

Зэхуэхьэм къырихьэлIахэр щагъэгъуэзащ дагъыстэн литературэм. Гамзатов Расул и тхыгъэхэм, Дербент и тхыдэм, дагъыстэн лъэпкъ къафэхэм теухуа тхылъхэм я гугъу ящIащ.

ЗэIуущIэр зэхуащIыжащ Дербент теухуа фильмкIэ. Къалэм и щIыпIэ дахэхэм, фэеплъхэм, абы щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэм уэхэзыгъэгъуазэмкIэ.

КъыкIэлъыкIуэу Эстон щэнхабзэм и махуэ ирагъэкIуэкIыну я мурадщ.

БАЦЭ ФатIимэ.

● Хъыбар гуапэ

Лъэпкъ щIэныгъэм и ехъулIэныгъэ

Ростов областым иджыблагъэ щекIуэкIащ инноваци проектхэр зи лъабжьэ кьэхуэтэнхэм я XI Урысей-псо жармыкIэ. Абы хэтащ Уф-м и щIыналъэ куэдым кьиикIа щIэныгъэлIэр. Зэхуэсым кьрихьэлIащ инвестиц компаниехэмрэ банкхэмрэ я унафэщIхэр, финанс IэнатIэхэм я пашэхэр, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр. Зи проектыщIэхэр къралпсо утыкум изыхьахэм ящыщщ ди лъахэгъуэхэр. Апхуэдэхэщ «Полиглин», «Поликом» ООО-хэр.

ЖАРМЫКIЭМ щагъэлъэгъуа проектхэр зыхуэдэмрэ я мыхьэнэмрэ кьапщытащ Урысейпсо инноваци фондым и щIэныгъэлI нэхъыщхьэ Левицкий Валентинрэ Санкт-Петербург щIэныгъэ-техникэ зыужьыныгъэмкIэ и щIыналъэ фондым и унафэщI Сливак Владимиррэ зи пашэ кIэлъыплъакIуэ гупым. ЖармыкIэм и хьэщIэ лъапIэт УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Фурсенкэ Андрей, Ростов областым и губернатор Голубев Василий, «НанотехнологиехэмкIэ урысейпсо зэгухьэныгъэ» къэрал IэнатIэм и унафэщI Чубайс Анатолий, Внешэкономбанкым и унафэщым и къудэзэ Копейкин Михаил сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэхуэсым кьагъэхьа проект псоми набдзэгубдзапIъэу хэпIьа нэужь, къэпщытакIуэ гупым наIуэ кьищIащ нэхъыбэрэ кьалъытахэр. Ди гуапэ зэрыхъущи, «Менеджмент нэхъыбI» унэтIныныгъэм пашэ щыхьуауэ кьалъытащ «Полиглин» ООО-м игъэлъэгъуа проектыр. Ар теухуащ псыр щагъэхьабзэкIэ кьагъэсэбэп сорбентхэр зэрыпщI хьуну щыкIэм. Фурсенкэ Андрей Дыжьын дипломрэ дзугъэр ПIалпIэкэмрэ иритащ «Полиглин», «Поликом» ООО-хэм я унафэщI, КъБКъУ-м и кафедрэм и унафэщI, профессор, химие щIэныгъэхэм я доктор **Хьэшыр Светланэ**. Апхуэдэу «Роснано» къэрал IэнатIэм и лIыкIуэхэм хуабжьу яфIэхьэлэмэтащ «Поликом» ООО-м игъэлъэгъуа проектри. Ар теухуащ полимерхэр егъэфIэкIуэным.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Гу зылъытапхъэ

ХэхакIуэ комиссэхэм хагъэхьэнухэр къагъэлъагъуэ

ЩЫНАЛЪЭ хэкакIуэ комиссэхэм хэтхэм я полномочиехэр 2010 гъэм зэриухым кьыхэжьIыну, Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхьныгъэхэм я лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныжькIэ хуитыныгъэмрэ кьызэрэзэпэщыныжькIэ щэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъэ Федеральнэ законым и 26 статьям и пункт 6-м тету, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм кьыжьIыну щIидзащ унафэ щащIкIэ Iэ яIэтыну хуиту щыIнатIэ хэхакIуэ комиссэм я гъуэгу кьыхаугъэхьэр. Документхэр 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м нэсыху щыIахьынущ мы адресымкIэ: КъБР, Налшык къалэ, Ленниным и уэрам, №27, пэщ 151. Телефонхэр: **47-64-42, 40-26-88.**

ЩIынатIэ хэхакIуэ комиссэм унафэ кьыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуиту хагъэхьэнум и кандидатурэр кьагъэлъэгъуэн папщIэ зыхуей документхэр итщ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и **www.kabardin-balkar.izbirkom.ru** сайтым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэ.

● Футбол

Васин Виктор командэ кьыхэхам ираджэ

ЩэкIуэгъуэм и 17-м Воронеж щекIуэкIынущ Урысей Федерацэмрэ Бельгиемрэ я командэ кьыхэхахэм я зэныбжьэгъуэгъу зэIущIэ. Абы хэтыну ирагъэлъэгъа футболистхэм я цIэр иджыблагъэ кьраIуащ.

ЗЭИ къэмыхъууэ, ди къэралым и командэ кьыхэха нэхъыщIэхэм ираджащ «Спартак-Налшык» и футболист Васин Виктор. Гъуащхьэхъуэмэм джэгун щыщIидзащ Санкт-Петербург дэт «Смена» футбол школым. Иужьрейуэ IуэкIэ ар ирагъэлъэгъащ налшыкдэсхэм я щIалэгъуалэ командэм. 2008 гъэм зыбжанэрэ джэгунIэ губгъуэм кьиубыдэ фэфIэкъ зыгъуэтэ Дмитрий Сергей сымэ я пIэм щыджэгуну «Спартак-Налшык» и Гъэсэным екъуэIэныгъэ иIэну ди гуапэщ.

«Спартак» командэ кьыхэхам ираджэ зэхъуэжьынымкIэ, «Спартак-Налшык» и командэ кьыхьщхьэм зыкъэзэхуэм и ешIыкIэ Iэнатэ футболист гъэпсыгъэ, - Ди ныбжьыкIэхэм я щIэныгъэ кьыхуохьу, - кьыхэщащ Джудович и псалъэхэм. - Ди хьупсапIэр нахуапIэ хъуным кьэнэжар пщIэбгъэуащ къудейщи, дызэкъуэту, пщIэ быдэкIэ ар дыгъэ. Зэ5ущIэр щыIэныкъуэ Налшык дэт «Спартак» стадионым. ЩыщIидзэр сыхьат 14-рщ.

«Спартак-Налшык» и командэ кьыхьщхьэм зэхъуэзэхуэм и етIуанэ Iыхьэм хагъэхьащ Тыркум кIуа Амисулашвили Александр и пIэкIэ икIи фIы дыдэу хэзэгъащ.

2010 гъэм зыхэта зэIущIэхэм ящыщу нэхъ гукъинэж хъуащ «Зенит»-м кIэух дакъыкъэм топ зэрыхудигъэкIар.

Илъэс куэд щIауэ командэ кьыхэхам хэт Березуцкэ зэкъуэшхэм, Игнашевич Сергей сымэ я пIэм щыджэгуну «Спартак-Налшык» и Гъэсэным екъуэIэныгъэ иIэну ди гуапэщ.

«Спартак» стадионым зэIущIэм кьрихьэлIэхэр пщIэншэу ирагъэхьэнущ

ЩэкIуэгъуэм и 14-м Налшык щызэхэтынущ «Спартак-Налшыкым» мыгъэрей зэхьэзэхуэм щригъэкIуэкIа зэIущIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыр - ди щIалэхэм кьрагъэблагъэнущ дыжьын медалхэм жыджэру хуэкIуэ Мэзкуу и ЦСКА-р.

А ЗЭIУЩIэМ ди щIалэхэм я дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ: абы кьрикIуэм куэдкIэ елъытащ налшыкдэсхэр еврокубокхэм щIэбэныну Iэмал яIэуэтынущ. Иджыблагъэ «Спартак» стадионым щекIуэкIа пресс-конференцым «Спартак-Налшыкым» и спорт директор **Зарецкий Александрэ** командэм и капитан **Джудович Миодрагрэ** кьыщыхатэщащ.

- Ди республикэм и цIыхухэр сытым дежи щIэгъэкъуэн кьытхуэхъуэу щытащ мыпхуэдэ зэIущIэ хьэлъэхэм деж, - кIэнэжар пщIэбгъэуащ къудейщи, дызэкъуэту, зыбгъэкIуэту, пщIэ быдэкIэ ар дыгъэ. Ди къэралым и Президент и жэрдэмкIэ, «Спартак-Налшыкымрэ» ЦСКА-мрэ я зэIущIэм къриубыдэ зэрыщIэдзащ. Къыдмий Асльэнрэ Гуртуев Уланрэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, чемпионатым и медалхэм ящыщ къальысакъым».

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Дзюдо

Джэданэм и командэм рекорд егъэув

Тхьэмахуэ кIуам Чебоксары къалэм щызэхэтащ дзюдомкIэ Европэм и кубокыр къэхьыным екъэлIауэ командэхэм я зэхьэзэхуэ. Абы щIэбэнащ гупилIэ: «Абенсберг» (Германие), «Коджакели» (Тырку), «Сен-Женевьев Спортс» (Франджы), «Явара-Нева» (УФ).

КУБОКЫР иджы ебланэрэ абы кьыщихьащ икIи европэ командхэм я рекорд игъэуващ Санкт-Петербург и «Явара-Нева» спорт клубым. Абы и екъулIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуиущIащ Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ Джэданэ Алим. Килограмм 66-рэ зи хьэлъэгъэ я гупым ди лъэпкъэгъуэм щыкIуэкIа зэIущIэ псоми щэч кьыдэгъуэкъым текуэныгъэхэр кьыщихьащ.

Дыжьын медалхэр франджыхэм кьалысащ, Германием и лIыкIуэхэр ещанэщ.

Европэм и Кубокымрэ медалхэмрэ я мызакъуэу, текIуныгъэ къэзыкъэхэмрэ кьыхэжьанкIэхэмрэ ахъщэ саугъэтэхэри кьыхагъэсфэщащ: чемпионкэм еврэ 10 000, абыхъэм кьалэныкIуэхэм еврэ 5 000, ещанэ хъуэхэм еврэ 2 500-рэ.

Ди лъэпкъэгъуэхэм я фIыщIэкIэ

ДзюдомкIэ Дунейпсо чемпионатым, Анталием щекIуэкIам, ди къэралым и командэ кьыхэхам жэз медалыр кьыщихьащ. Командэм хэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ спортсменипI.

УФ-М И КОМАНДЭ кьыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Гамбо Энцо и гъэсэнхэр 2:3-уэ финалым и Iыхьэ пIанэм Японием и лIыкIуэхэм кьыщыкъагъэщIа нэужь, ди щIалэхэр бжьгъэшхуэкIэ, 4:1-уэ, ефIэкIащ дунейпсо чемпион куржыкъым. Финал щыкIуэм хэгъэрейхэр 3:2-уэ щыхъагъэщIащ.

Арати, ди командэр нэгъабэрей лъагъуэ дыдэ ирикIуэжащ. Къэралым и екъулIэныгъэм куэдкIэ хэлъхьэныгъэ хуащIащ.

Хъэбэчыр Муратрэ Къуэдзокъуэ Муратрэ зыхэта гупхэм кьэпIэлъщIэн кьахэкIакъым икIи дыщэ медалхэр кьахьащ. Къамбий Асльэнрэ Гуртуев Уланрэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, чемпионатым и медалхэм ящыщ къальысакъым.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Иджырей Iэмалхэр къыдогъэсэбэп

Урысей Хьэмидбий

Къэралым и финанс-кредит Iуэхущ1апIэ нэхъыжь дыдэр - Урысейм и Хьэмэн1э банкыр кьызэрызэрагъэпэщыр илъэси 169-рэ зэрырикъур дыгъуэз ягъэлъапIащ. Хьэмэн1э банкыр иджыпсту къэралым и банк нэхъ ин дыдэхэм, мыльку нэхьыбэ зыбгъэдэлъхэм зэращыщым кьыдокIуэу, ар щIыхуэм нэхъ зыубгъуауэ къагъэсэбэп, банк Iуэхутхьэбзэ щIэныкIэ иджырей технологиехэр нэхъ зыубгъуауэ къэзыгъэсэбэнхэм ящыщщ. Махуэщхуэм ирихьэлIэу ди корреспондентыр епсэлъащ Урысейм и Хьэмэн1э банкым и Къэбэрдей-Балькъэр Iуэхущ1апIэм и унафэщI Урысейм Хьэмидбий.

РЕСПУБЛИКЭМ щыIэ кредит Iуэхущ1апIэхэм нужь ильэсхэм щIэгъэхуэбжьауэ зауэжь пэтми, Хьэмэн1э банкым и республикэ кьудамэр дэтхэнэ IэнатIэми щыпащэу йокIуэкI. Иджыпсту ди дыз5лэжь кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ республикэм и финанс рынокым щыдиIэ мыхьэнэм нэхьри хэгъэхьэныр, социально-экономикэ Iуэхуэхэм нэхъ жыджэру хэтныр, инвестицэ лэжьыгъэм зегъэужьыныр, иджырей технологиехэр зыубгъуауэ къэгъэсэбэпыныр, банк Iуэхутхьэбзэхэм я бжыгъэм хэгъэхьэуэныр, А псори зыхуэунэтIар ди дежкIуалIэ дэтхэнэ зыми и Iуэхур псынщIэу, нэгъэсауэ дэгъэкIынырщ.

Дызэрыт илъэсым и пэщIэдзэм еплыитмэ, нобэм ирихьэлIэу банкым зригъэкIуэ ахъщэр процент 25-кIэ, абы щыхуэхэм кьыхалъхьэр процент 21-кIэ, Iуэхущ1апIэхэм кьыхалъхьэр процент 53-кIэ нэхьыбэ хьауэ. Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ зэрыщыт Iуэхутхьэбзэхэм я бжыгъэм хэгъэхьэныр, А псори зыхуэунэтIар ди дежкIуалIэ дэтхэнэ зыми и Iуэхур псынщIэу, нэгъэсауэ дэгъэкIынырщ.

Дызэрыт илъэсым и пэщIэдзэм еплыитмэ, нобэм ирихьэлIэу банкым зригъэкIуэ ахъщэр процент 25-кIэ, абы щыхуэхэм кьыхалъхьэр процент 21-кIэ, Iуэхущ1апIэхэм кьыхалъхьэр процент 53-кIэ нэхьыбэ хьауэ. Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ зэрыщыт Iуэхутхьэбзэхэм я бжыгъэм хэгъэхьэныр, А псори зыхуэунэтIар ди дежкIуалIэ дэтхэнэ зыми и Iуэхур псынщIэу щыхуащIэ Iэнатэ. Банкым щэсыпIэ псор кьыззэрегъэпэщ щыхуэхэм кьыхалъхьэ ахъщэр хъуэмэмрэ ар щыхуэт дыдэм и деж етыжьынымкIэ. Республикэм и экономикэм зегъэужьыным и лъэныкъуэкIэ кьыдбгъэдэхуэ кьалэнхэр нэсу дгъэзэщIэн папщIэ дэзэпымыуэу хьдогъахьэу мыльку къыщалэжь IэнатIэхэм яхуэдэтIыпщ инвестицэхэм. Ди Iуэхущ1апIэм предприятэхэм я ахъщэр зэблэмыуэу зэрызэригъаКIуэм кьыдэкIуэу, мылькушхуэ хьдолъхьэ IэнатIэщIэхэр кьыдэзэгъэпэщыным, лажьэу щыIэ Iуэхущ1апIэхэм зегъэубгъуным.

Мы гъэмэ дэ жьыдэрэ долажь Урысейм и Хьэмэн1э банкым 2014 гъэм нэсыху зэрызиужьыным и стратегием кьыгъэув кьалэнхэр гъэзэщIэным. Абы хэм ящыщу нэхъ ин дыдэр ди лэжьакIуэхэм я гупсысэкIэмрэ Iуэху зехьэкIэмрэ зэхъуэжьынырщ, абыхъэм кьекIуалIэ щIыхуэхэм дагъэнэшэу икIи псынщIэу Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэным хуэгъэсэбэпыр. Iуэхущ1апIэхэм щIыхуэр щыгъэтримыхьэн папщIэ абыхъэм я нэхъыбэр иджы махуэ псом загъэпсэхуэн щхьэусыгъуэкIэ зэхуащIыркъым, Iуэхущ1апIэ нэхъ инхэм кьекIуалIэхэр зыгъэ электрон системэхэр кьэшыгъэрагъэпэщащ, Iуэхутхьэбзэ зыхуэтщIэ Урысей и Президент и жэрдэмкIэ, «Спартак-Налшыкым» и Гъэсэным екъуэIэныгъэ иIэну ди гуапэщ.

Урысейм и Хьэмэн1э банкым и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм зэригъакIуэ банк картэхэр мы гъэм мини 100-м щхьэдэхащ, абыхъэм япкъ иткIэ лъэкIащIэхэр егъэхьыным теухуауэ дэ предприятэу, органитэу 678-м зэгурыIуэныгъэхэр етщIыпIащ. Хьэмэн1э банкым и банкомату 77-рэ республикэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIащ. Абыхэм кьадэкIуэу сатумрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я IэнатIэхэм терминалу 111-рэ щыдгъэуващи, аэрэ кьагъэсэбэпурэ щIыхуэхэм хьэпшынхэм, Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр Iэрымылъхьэу я. Банк картэр кьэгъэсэбэпыным фIыуэ нэгъуэщI зыкъомкIэ хэльщ. КьащIтэмэ, банк картэм кьралъхьэ ахъшэмрэ абы хэщIыкIыр жыпI телефонымкIэ укIэлъыплъ хьэунуII, апхуэдэу мобильнэ связымрэ спутникым пыщIа телевидеенмрэ я уасэхэр а телефон дыдэхэмкIэ птыфынущ.

ХьэмэнIэ банкыр хущIокъу кредитхэр зэрырат щIыкIэр егъэфIэкIуэным. КьащIтэмэ, мэлыжьыхьхэ мазэ пIэндрэ кредитхэр зэрызэрагъакIуэм папщIэ щхьэщыткIыу щытха ахъщэхэр кьIахьижьркъым, щIыхуэм иджы щхьэщыткIыр банкым и тарифхэм кьыщыгъэльэгъуа процент бжыгъэм и зыкъэзэ. Апхуэдэу щыщIаткIэ, щIыхуэ къэзыщIам кIыхьу кьыщIибжьын щыIэкъым кредитым псори зэхэту щхьэщыткIыпнур зыхуэдизыр. Абы кьыдэкIуэу, жэпуэгъуэ мазэм Урысейм и ХьэмэнIэ банкым лэжьапIэр ди Iуэхущ1апIэхэм кьыщеIыхьхэм ипотекэ кредитым щхьэщыткIыр проценти 9,5-м нэсу игъэмащIащ.

Иужь зэманым щIэупщIэшхуэ яIэ хъуащ ХьэмэнIэ банкым и кредит картэхэм. Апхуэдэ картэ зиIэхэм сытым и деж зыхуей хъэпшынкIэ ахъщэ IэрымылъхьэкIэ кьащхуфынущ. Абы нужькIэ зэман пыухыкIакIэ а щIыхуэм папщIэ проценткIэ ахъщэ щхьэщыткIыркъым.

2010 гъэм лажьэу щIидзащ щIыху щхьэхуэхэм щхуаIкIуэ кредитхэр зэрырат «Кредит фабрикэ» автоматикэ системэм. Абы щIыхуэхэм кредит кьыIахьи папщIэ документхэр зэрат щIыкIэр кьащигъэнсыщIащ, апхуэдэ зэявкхэм зэрыхэлъэ пIалъэр зы мазэм-махуитIым нэсу игъэмащIащ.

Кредитхэр тыным и лъэныкъуэкIэ увыпIэшхуэ еубыд щIыхуэхэм ссудэхэр яхуэхэсыным. Ахэр ди республикэм исхэм хьэмэнIэ банкым ярита кредитхэм я процент 50-м щIигъуащ. Илъэсыр кьызэрыунэхуэрэ ХьэмэнIэ банкым и кредитхэр кьагъэсэбэпурэ унэхэр кьащэхуащ е ящIащ унагъуэ 600-м нэблагъэм.

ЗэрырагурыIуэгъэщи, Урысейм и ХьэмэнIэ банкым и кьалэн нэхъыщхьэхэм псоу-кIэр егъэфIэкIуэнри хеубыдэ, абы кьыжьIыну псапащIэ Iуэхуэхэми дапэIэщIэкъым. Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэр зэрыкъуэфIэкIкIэ ядоIэныкъу республикэм щыIэ организацэхэмрэ щIыхуэ щхьэхуэхэмрэ. КьащIтэм дэт интернат еджапIэм щIэсхэм. Ди дэжьыкIуэхэм я ахъшэкIэ аубыхэм спорт Iэмэпсымэхэр, тхылъхэр, спорт щыгъыныгъуэхэр, компьютерэхэр кьахэдощэху, школым и пэшхэр зэредгъэхьащ. А еджапIэр Урысейм и ХьэмэнIэ банкым игъэзащIэ «Сабинитэ» насыпыIэр программэм хатхащ икIи сом 1 мелуан кьыхуаутIыпщащ. Ахьшэр тедгъэкIуэдэнущ унащхьэр зэгъэпэщыжьным, щхьэгъубжьэгъэ зэхъуэжьныным.

Экономикэм и IэнатIэ псоми хиубыдэ предприятэхэмрэ организацэхэмрэ, щIыхуэхэм, кьэрал властым и органхэм кредитхэр щетткIэ дэ кьыдольытэ ди банкым ахъшэ кьыхъэзылъхьэхэм, акционерхэм я сэбэп зыхэлъхьэн. Иджыпсту ХьэмэнIэ банкым зэфIигъэкI лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ республикэм и Правительствэм иубыхуа экономикэ программэхэр гъэззэщIэнымкIэ. Дэ мылъку кьыщалэжь IэнатIэхэм щIыхуэ ядот, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ инвестицэ проектхэр гъэзэщIэным дыхэтщ.

Хьэрычэт Iуэху мыиным и IэнатIэхэм щIыхуэ еттыныр дэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэм и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэм ящыщщ. УФ-м и ХьэмэнIэ банкым и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэр хьэрычэт Iуэху мыиным и субъектхэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIа программэр гъэзэщIэным жьыдэру йолэжь икIи псом япэу абы финансэхэр яхуеуэтIыпщ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм и комиссэм кьыхиха икIи КъБР-м и Президентым и деж щыIэ Инвестицэ советым диIыгъа проектхэм.

ЗэрырагурыIуэгъэщи, дэ иджыпсту дызэрыгушхуэ екъулIэныгъэхэм я лъабжьэр Iуэхутхьэбзэ зыхуэтщIэ щIыхуэхэм, кьэтыпащIа органитэхэм я дэIэпыкъуныгъэрщ, абыхъэм кьытхуащI дзыхьырщ. Аращ Урысейм и ХьэмэнIэ банкым и махуэшхуэм ирихьэлIэу абыхъэ хэхаУ фIыщIэ щIахуэсщIыр.

● Щэнхабзэ

ЗэчиифIэхэр зэпоуэ

Къэрэщей-Шэрджэсым и Домбей зыгъэпсэхуэным иджыблагъэ щекIуэкIащ 3-нэ щIыналъэ творческэ еджэныгъэхэр.

АБЫ ХЭТАЩ зэчий зыбгъэдэль студентхэр, егъэджакIуэхэр, еджакIуэхэр, сабий художественнэ школхэм, гъуазджэмкIэ колледжхэм я гъэсэныгъэ. Абыхэм ящыщщ дизайнер ныб жьышIэхэу Шэрэ1ужь Астемыррэ Соловьевэ Виолеттэрэ. Мы ныбжьыщIитIыр дехьэх дыкъэзыухуэрепхъ дунейм и дахагъэр къыщыгъэлъагъуэ сурэтхэр щыныи. «Домбей и зэIущIэхэм» щрагъэжькIащ абы ираубытэ дэтхэнэми дерс щхьэпэ ягуэхэуну мастерклассхэр.

Апхуэдэу ахэр классическэ, иджырей макъамэхэр щыIуэ концертхэм ирагъэплъащ, КъБР-мрэ КъБР-мрэ щIыналъэхэм я сурэтыщIхэм яIущащ. КьыдэкIуэтей щIэблэр дахагъэм дегъэхьэхыным, Кавказ Ищхьэрэм и ныбжьыщIэ зэпинджэхэр щыкIуэ гъунэгъу зэхуэщIыным хуэгъэпсауэ щыта мы зэIущIэр кьыззэрагъэпэщащ КъШР-м Щэнхабзэмкlэ и къэрал комитетымрэ художественнэ егъэджэныгъэмкIэ къэрал IуэхущIапIэм и щIыналъэ центрымрэ.

ЪЫСОТЭН Музэ.

● Хъыбар гуапэ

Ростов областым иджыблагъэ щекIуэкIащ инноваци проектхэр зи лъабжьэ кьэхуэтэнхэм я XI Урысейпсо жармыкIэ. Абы хэтащ УФ-м и щIыналъэ куэдым кьиикIа щIэныгъэлIэр. Зэхуэсым кьрихьэлIащ инвестиц компаниехэмрэ банкхэмрэ я унафэщIхэр, финанс IэнатIэхэм я пашэхэр, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр. Зи проектыщIэхэр къралпсо утыкум изыхьахэм ящыщщ ди лъахэгъуэхэр. Апхуэдэхэщ «Полиглин», «Поликом» ООО-хэр.

ЖАРМЫКIЭМ щагъэлъэгъуа проектхэр зыхуэдэмрэ я мыхьэнэмрэ кьапщытащ Урысейпсо инноваци фондым и щIэныгъэлI нэхъыщхьэ Левицкий Валентинрэ Санкт-Петербург щIэныгъэ-техникэ зыужьыныгъэмкIэ и щIыналъэ фондым и унафэщI Сливак Владимиррэ зи пашэ кIэлъыплъакIуэ гупым. ЖармыкIэм и хьэщIэ лъапIэт УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Фурсенкэ Андрей, Ростов областым и губернатор Голубев Василий, «НанотехнологиехэмкIэ урысейпсо зэгухьэныгъэ» къэрал IэнатIэм и унафэщI Чубайс Анатолий, Внешэкономбанкым и унафэщым и къудэзэ Копейкин Михаил сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэхуэсым кьагъэхьа проект псоми

Ислъамым и нур

● Махуэ лъапIэхэр

Хьэжыщ1ымрэ Къурмэнымрэ

Къурмэн хьидым щIидзэн и пэ кьихуэу дунейм и щIыпIэ куэдым икIа мусылъмэн мелуанхэм ислъамым и фарзитхум языхэз хъжыщIыр Сауд Хьэрыпым щыгъэфIагъэкI. Мы гъэми абы кIуахэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цIыхуищэм щIигу.

ПСОРИ зэхэту Урысей Федерацэм щыщ цIыху 20.500-м хьэж ящIыну Сауд Хьэрыпым Iэмал кьаритащ. Бжыгьэр зытращIыхьыр кьэралым щыпсэу мусылъмэнхэр зэрыкIыхьыр. НэгъуэщI щIыпIэхэм кьикIыу хьэжыщI кIуэнухэм я куэдагьыр илъэс кьэс зыубзыхур Сауд Хьэрыпым Хьэж Iуэхухэмкlэ и министерствэрщ.

Ислъамым и фарз нэхьыщхьэхэм ящыщ зыр ягъэззэщIэну Мэккэ щыIэзэгъэсхэм я фIыгъэкIэ мы пащтыхьыгъуэм и бюджетым гъэ кьэс процент 12-м щIигъу хохьуэ. Къищынэмыщ1ауэ, хьэж ящIыну кIуэхэр зыщIэсынрэ хьэпшыпI эмылIэуэжьыгъуэхэмкIэ кьыхэгъэпэщынми зиубгъу эпыпгъ. Хьэжым ирихьэлIэу Мэккэ щIыху мелуани 2,5-рэ екIуалIэ хабзэщ икIи абыхэм ящыщ дэтхэнэми щIыпIэ лъапIэм къурмэн щеукI.

Къурмэн зыукIыну кьызытехуэр

КЪУРМЭНЫР м услъымэным дежкIэ уаджибщ (гъэззэщIэн хуей кьалэнхэм ящыщщ). Хьид махуищым кьриубидзэу фIагъэжа Iэщращ къурмэн хьужьыр. Ар зыукIыну кьызытехуэ щIыхэр щытын хуейщ:

- мусылъмэну;
- щхьэхуиту;
- унэрысу;
- кьызыхихьын мылъку бгъэдэлъу (апхуэдэ щIыхум, диным кьызэригъэльагъуэмкIэ, иIэн хуейщ унэ лъапIэ, унагъуэ хьэпшыпхэр, кьищынэмыщIауэ, дыщэ грамм 85-р кьызыщIэкIын ахьшэ).

Ищхьэкlэ къэгъэлъэгъуэ кьулеягъыр бгъэдэмылъми, мусылъмэным къурмэн иуIыбын псапэ пылъщ, ауэ Iэмальнэмыкьым. Абы нэмыщIи щыIэщ псапэ къурмэн. Ар гъэзугъанэ тет щIыхум къурмэн иукIмэщ, апхуэдэуи и кьулеягъкIэ кьытемыхуэми, езым и жэрдэмкIэ Iкъэ лъапIэм пащIэ ар игъэзащIэмэщ.

Къурмэныпхъэ псэущхьэхэр

КЪУРМЭНЫПХЪЭ мэхъу Iэщышхуэр, мэлыр, бжэныр, апхуэдэуи махьшэр. НэгъуэщIхэр къурмэну букI хьунукъым. Мэлымрэ бжэнымрэ къурмэныпхъэ щыхъыр илъэс ныбжь яIэмэщ, ауэ щынэр мазих-блы ныбжьми хьунущ, илъэс ирикьуахэм кьахэмыщу пIащэу щытмэ. Iэщышхуэр илъэситI хьун хуейщ.

Бжэнымрэ мэлымрэ зы унагъуэм щыхьжIащ зэрыфIагъэжыр. Мыдрей Iэщышхуэр яукI хьунущ унагъуибл нэхьрэ мынэхьбэу зэгухьэу (Iэщым и пIащагъым елыытауэ).

Къурмэн зыукIыну дэтхэнэ мусылъмэним Iэхуэгъуэр нитIкIэ (Iуражкlэ) ищIэн хуейщ.

Къурмэныпхъэр уэнушэу, дагъуэ имыIэу зыкIыохауэ щымыту хьунукъым. Iэщыр нэфу, и дзэхэр Iухуауэу, и бжьакъуэхэр техуауэ, и кIэр пыупщIауэ щыт мэ, ар къурмэныпхъэ хь уунукъым.

Къурмэныпхъэу къащэхуам зэрымыщIэкIэ дагъуэ гуэр иIэу, ар букI мыхьуу кьыщIэкIамэ, унагъуэ ж эщIам нэгъуэщI Iэщ кьыщэхужьи хуейщ, ауэ и мылькукIэ хуэзфIэмыкIынумэ, ари кьабылщ.

Къурмэныр щыфIагъэжьпхъэ зэманыр

КЪУРМЭН махуэм и Iкъ щыгъуэм кьыщIыщIэдзауэ абы и ещанэ махуэм дыгъэр кьухьэхукIэ Iэщыр букI хьунущ. Мы гъэм ар тохуэ щэкIуагъуэм и 16, 17, 18 махуэхэм. Ауэ нэхъ псапэр къурмэным и апэ махуэм Iэщыр букIынырщ.

Зейм къурмэныр фIигъэжьынырэ нэхьыфIщ, хуэзфIэкIынымэ. Армырамэ, зыгуэрым иригъэукIми хьунущ, езыр щхьэщыту.

Къурмэн ящыну Iэщыр, и щхьэр кьаблэмкIэ гъэзауэ ягъэгъуэлъри, фIэзыгъэжьыну щIыхум мыпхуэдэу тэкIир кьехь: *«Iэллахьу Iэкбэр, Iэллахьу Iэкбэр, лаIилаха Iиллаллахьу Iэллахьу Iэкбэр, Iэллахьу Iэкбэру уэлилахьи Iэлхьэмд Iинни уэджьхьту уеджихе лиллэзи фэтIэрэ семауати уэл Iэрд хьэнийфэн уэмаIэнэ ямнэл мущрикини Iиннэ сэлэти уэ нусуки, уэ мэхьиби, уэ мэмати лилахьи рдэбил гъалымми ла шэрикэ лэхьу. Уэбизалию Iимирту уэIэнэ Iэуэлул муслымми».* Мы духьэр кьебжри, итIанэ *«Бисмиллэхьи Iэллахьу Iэкбэр Iэлахьумэ хьаза минкэ уэдэкэ»*, - жеIэри, фIегъэж. Е адыгэбзэкIэ: *«Ди Тхьэ, сэ си гъашIи, си нэмэзи, си фIэщхъуныгъи - псори уэ пхуэзгъэпсынщ. Нобэ мы сукI къурмэныр Ибрэхьим и къурмэным ещхьу кьабылу сых».*

Къурмэныпхъэр зыиу эрым ебгъэукIауэ щытмэ, абы фIэгъэ жыпщIэу Iэщ яукIам и бгъатхьэр, и фэр е лым щыщ Iыхьэу гу зр епт хьунукъым. ФIэгъэжьыпщIэу щымыту тыгъэ гуэр хуэщIыпхьэщ.

Дунейм ехьжа щыхум къурмэн хуэбгкI хьунущ. Ауэ абы и лыр зэрыгуэшын хуейр мыпхуэдэущ:

- лIам и уэсэткIэ къурмэнир фIагъэжамэ, абы и лыр псори ятын хуейщ;
- къурмэну фIагъэжар уэсэту щымытмэ, езым и щхьэкIэ иукIар зэрищIын хуэдэу Iэхуэ ирищIэкI хьунущ.

Хьид махуищым кьриубидзэу къурмэныпхъэр зымыукIыфам ар псэууэ тыгъэ ищыну кьытохуэ. Зытрабуа Iэщыр и чэзум фламыгъэжамэ, кьыкIэлъыкIуэ гъэм щхьэкIэ ар къурмэныпхъэ хьунукъым.

Къурмэнылыр зэрагуэшыр

КЪУРМЭНЫЛЫМи гуэшыкIэр цIыхум и кьулеягъымрэ кьулейсызагъымрэ тещIыхьауэ зэщхьэщокI. Курыт зэфIэкI зиIэ унагъуэхэм къурмэныльыр Iыхьищ иращIыкIри, яп Iыхьэр зи мылъкукIэ пэмыльэщу къурмэн зымыукIыфахэм ират, етIуанэр хьэщIэхэм зэрагъэуэ унагъуэм кьинхьэхэмэр ирихьэщх, ещанэр езыхэм я щхьэ папщIэ кьагъанэ. Къурмэн зыукIар хуэмыщIаищэу, бынунагъуэшх уэу щыт мэ, нэхъ тэмэмыр псори абы кьитгъэнэжьынырщ.

● Мэжджыт цIэрыIуэхэр

«Ляля-Тюльпан»

Урысей Федерацэм ис мусылъмэнхэм Нэщ1ик1ыж, Къурмэн махуэщхуэхэр щагъэлъапIэм и деж ди къралым и телевиденэм и Я1тэ каналым и репортажхэр сыт щыгъуи къызаридзыкIыр Уфа дэт «Ляля-Тюльпан» мэжджытышхуэращ.

Путин Владимир мэжджытым щеблэгъам.

БАШКОРТОСТАНЫМ и кьалащхьэм дащIыхьа мэжджытыр 1990 - 1998 гъэхэм яухуащ. Абы и проектым лъабжьэ хуэхъуащ гъатхэ къэунэхум и нэщэнэ тюльпан зэщIэгъэгъар. Мэжджытым и азэн джапIэхэр апхуэдитIым и теплъэкIэ гъэщIэрэщIащ икIи ухуэныгъэм щIэщыгъуэгъэр гуакIуагъэр хелъхьэ.

«Ляля-Тюльпан»-р мусылъмэн диныр зи фIэщ хъуэхэм зэхалъхьа мылъкумкIэ ящIащ, Башкортостаным и правительствэри ядэIэпыкъуу. Ар ислъамым и щэнхабзэегъэджэныгъэ центру Уфа дэтщ. Мэжджытым цIыху мин зэуэ зыщIэхъуэн тхъэдэлъэIупIэ, сабийуэ 100 щеджэн мыдрисэ, ныбжьыщIэ 60 щыпсэун общежит, шхапIэ, конференц пэш ин хэтщ. Азэн джапIэхэм дэтхэнэми метр 53-рэ и лъагагъ икIи Урысей Федерацэм и муфтий нэхъыщхьэ Таджуддин Талгатрэ республикэм и дин Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэмрэ яхуэзэри, ислъамым УФ-м зыщIиужьын папщIэ лэжьыпхьэхэм тепсэлъыхьащ.

● Псапэ

Кхъэгъэкъабзэ

Иужьрей зэманым ди цIыхухэм хабзэфIяхуэхъуащ кхъэхэр ягъэкъабзэныр. Зэрытщ1эщи, апхуэдэ унафэ къиштауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис мусылъмэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм. Абы ипкъ иткIэ, цIыхухъуэхэм кхъэхэр, цIыхубзхэм мэжджытхэмрэ мыдрисэхэмрэ ягъэкъабзэ.

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъунщи, адыгэ жылагъуэхэм иджыри ущрохьэлIэ зыхуей хуэмызэ кхъэхэм. Гур хощ, кхъащхьэхэм удзыжьхэр кьыщыкIыу, кхъэлэгъунэхэм лъэнтхъуийхэр дэжеирэ пабжьэ хьужауэ, жыгхэм кьагуэщIыкIа къудамэхэр уэзрамыгъакIуэ щыплъагъуэкIэ. Мис апхуэдэ гурымыхьхэр ди япэ ища мусылъмэнхэр зыщIэтлъхьэ щыпIэм щыдмылъагъун папщIэ кхъэгъэкъабзэр илъэс кьэс егъэкIуэкIын щыхуейр.

А Iуэхугъэр гъатхэ пасэм е бжьыхьэ кIасэм щытрагъахуэм щхьэусыгъуэ иIэщ: Бегъымбар лъапIэр зы кхъащхьэ гуэрым блэкIыт. Абы жыг кьудамэ щыIэ иныгъти, а кхъащхьэм деж ар щыхитIащ. Апхуэдэу щIищIам и гъусэхэр щыщIэупщIэм, жэуап кьаритхьжащ: «ХостIа кьудамэм псыIэр щIэтыхукIэ Тхьэм сельэIунущ, мыбы щIэлъым и гуэныхьыр кьыхуэгъуну». Мы хьэдисым кьеГъэлъагъуэ кхъащхьэм кхъкIыгъэ гуэр тетыныр абы щIэлъым и деж кIэ зэрынэхъыфIыр, ауэ ахэр удзыжьу щытыныр кьеззгъыркъым. Араща, кхъэгъэкъабзэр щегъэкIуэкIын хуейр удэхэр кхъэмыкI и пэкIэщ е ахэр гъужа нэужьщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, гъатхэ пасэм е бжьыхьэ кIасэм.

Кхъэм кIуэуэ ар зыгъэкъабзэну зи пщэ кьыдэхуэр цIыхухъуэхэращ, щыхубзхэр абы хэтыну шэрихьэтым идэркъым. ЛIыкIуэ лъапIэм цIыхухъуэхэм яхуэгъэзауэ жиIащ: «Кхъэм нэхъыбэрэ фыкIуэ, лIэныгъэр фигу кьэкIын папщIэ». Мухьэмэд бегъымбар хьэлейхи сэлату уэ сэламым апхуэдэу щIыжиIар цIыхур дунейм ехьжа и ужькIэ Тхьэм и пащхьэ иувэжу илэжьа Iуэхухэмкlэ жэуап зэрихьыжынум егупсысуэрэ, мыхъумыщIагъэм пэIощIэ зиригъэщIу фIы зэрилажьыным иужь нэхъ иригъэтыну аращ. Апхуэдэу кхъэм здэпшэ хьунущ щIалэ цIыкIуэхэри. ЩыцIыкIум щегъэжьауэ ахэр егъэсапхъэщ дунейм ехьжам пщIэ хуащIу.

ЦIыхубзхэр кхъэм кIуэныр игъэхьэрэмащ Алыхьым и ЛIыкIуэ лъапIэм. Абы жиIащ: «Тхьэм и нэлатыр ирихащ кхъэм кIуэ цIыхубзым». Аращи, бзыпхъугъэхэм мэжджытхэр, мыдрисэхэр ягъэкъабзэмэ нэхъыфIщ.

Илъэсым зы махуэ закъуэ зыхущIэдвгъэгъэхьи, ди Iыхьлыхэр зыщIэлъ кхъащхьэхэр дывгъэгъэкъабзэ. Абыхэм яйм кьыдэкIуэу, адрейхэри зыхуей хуэдвгъэгъазэ. ЩыIэнкIэ хъунщ кхъэм мыкIуэфын. Псалъэм папщIэ, фызабэу, бынунагъуэ зеинщэу е сымаджэу. Ахэр кхъэгъэкъабзэм хэтыфынукъыми, гуныкьуэгъуэ едмыту абыхэм я Iуэхури дэ дыгъащIэ - ар хьэлъэкъым, гуапагъэщ икIи псапэщ.

● Хьэдисхэр

Тхъугъэр си нурщ

♦ ФыпсэухукIэ, фи адэ-анэм фIы яхуэфщIэ, дунейм дехьыжа нэужьи къыфтонэ абыхэм я хьэкъ - гущIыгъуэ гъэгъунэгъэкIэ фахуэлъэIуэнщ.
♦ Алыхьым ишI эзэ: «Къугъэр си нурщ, Къыс хуегъэкIурккъым си нурыр си мафIэмкIэ згъэсыжынщ».
♦ Сымаджэм и деж щIэупщIакIуэ ущIыхьамэ, абы елъэIуи ун щхьэм папщIэ гъэтлъаIуэ - абы и тхьэлъэIуэ мелыIыкъэм я тхьэлъэIум хуэдэщ.
♦ Щ1ыхуэр зыгуэрым ебга нэужь, гыбзэм зеIэт уафэм дэкIуейну, ауэ драгъэкIуейркъым. Щ1ылъэм къегъэзыхыжри, абыи увыIэпIэ щигъуэтыркъым. Итlанэ зэбга цIыхум и деж макIуэ нкIи хуэфащэмэ - токуэ. Хуэмыфащэмэ - къегъэззэкри, бгам кьыпотхуэж.
♦ Жэнэтыр фэ фщ1ущ дэтхэнэ зыми нэхъ пэгъунэгъущ зыльтIэгъэжьну кьыпэщ1ыт и вакьитIым нэхъри, жыхьэнмэри апхуэдэ дыдэщ.
♦ Къуэш нэхъыжьым и пынэхъыщIэмкIэ и хьэкъыр хуэдэщ адэм и бынымкIэ и хьэкъым.

ФIы зэрыблэжьыр цIыхухэм къагурымыIуами, ар Алыхьым игъэкIуэдынукъым

● Дин Iуэхуэр

Мусэ бегъымбарыр Алыхьым къигъэгугъащ, и зэхэщIыкIым игъэзэжьэн папщIэ, Iлы Iущ хуигъэззэну. И ныбжь: эгъу икIи и дзIэпыкъуэгъуэ зы щIалэ гъусэ ищIри, ар гъэугу теуващ. Тхьэм зи гугъу ищIар кьиIыхьэуну.

ЗыКЪОМРЭ кIуа нэужь, ахэр загъэпсэхуну зыщIыпIэ деж щетIысэхащ. Зэман дэкIри, ежьэжахэщ, ауэ гъуэмылIэу яIыгъ бдзэжьейр кьащIыгъупщащ. КьащIащ. наIуэ щыхъум, Мусэ кьыгурыIуащ а щIыпIэм Iлы Iущым щыхуигъэззэну Тхьэм апхуэдэу зэрищIар. Абыхэм зыщIагъэпсэхуа щIыпIэм кьыщагъэззэжьым, зи ныбжьыр хэкIуэта тхьэмадэм IущIахэщ.

Мусэ а лым елъэIуащ гъуэсэу кьыздищтэну, и Iущагъэхэм хигъэгъуэзэн папщIэ. Ар щIызэхихьым, тхьэмадэм жиIащ: «Уэ си гъусэу гъуэгуанэ утетыфынукъым. Уи акъылым кьимыубыд куэд пIьагъуну, зыгуэр жумыIэу ахэр зыхуэфбгъэшэчыфынукъым». Мусэ бегъымбарым ар кьыгъэгугъащ сытри зыхуигъэшэчыну, и гъусэм сыт хуэдэ Iуэху илэжьу илъагъуми щIэмыупщIэну. Апхуэдэу зэгурыIуэхэри, гъуэгу теуващ.

Зэгуэрым, псыхэ здытетым, зэрыс кхъуафэжьейр Iлы Iущым иугъуэну щIидзащ. Ар щIилъагъуи, Мусэ жиIащ: «Кхъуафэжьейр гъуанэ щIэпщIыр абы исхэр псым ебгъэтэжьэну ара? ГъэщIэгъэнщ а уэ блэжьыр».

Лы Iущыр абы кьехъурджэзащ: «Бжеслатэкъэ щэн пхэлъу уэзрызимыгъусэфынур». Ар щыхэхихьм, Мусэ кьыгурыIуэжащ ита псалъэр зэримыгъэпэжар икIи кьыхуигъэгъуну елъэIури, я гъуэгуанэм пащащ.

Махуэ гуэрым ахэр хуэзащ зы щIалэ ныбжьыщIэ. Лы Iущыр еуэри, ар иукIащ. Кьэхъуар щилъагъуи, Мусэ кьэгубжьри и гъусэм текIийащ: «Лажьэ зимыIэ щIалэр сыткIэ къокъуэнщэкIа? Щхьэусыгъуэнщэу щIихум и псэр щхьэхэпха? Уэ блэжьыр мыхъумыщIагъэщ».

Лы Iущыр кьэпсалъэри жиIащ: «Уэ бжеслатэкъэ си гъусэу кьызэрымыкIухьыфынур?!» Мусэ укIытэжри, аргуэру лым елъэIуащ, и щIыуэгъэр кьыхуигъэгъуну икIи дыщIигъуащ: «Мыбы и ужькIэ иджыри зэ сыщIэупщIэжмэ, адэфэкIа сызымыгъэгъусэж».

Ахэр аргуэру гъуэгу теувэжащ. Ауэдэ кьуэжа Iуэрым дыхьахэти, нэху кьыщIекIыну зым и дежи щIагъэхьакъым, яшхыни кьратакъым. Арщхьэкlэ, жылэм здрикIуэ, ныкъуэжауэу зы уиз блын илъэгъуати, лы Iущыр къэувдыIэри ар быдэу игъэувыжащ. Муси абы дэIэпыкъуащ. Лъжьыгъэр яуха нэужь, бегъымбарым жиIащ: «ХьэщIагъэ къыщIдамыха жылэм дэт блынир зэфIэбгъэувэжащ. Ухуетэмэ, ар зейхэм абы и пщIэр кьеIыпхьфынут».

Ар щыIэзэжьам, лы Iущыр къэпсалъэри: «Уэрэ дэрэ дызыбгъэдэмыкIыжу хъунукъым. Ауэ абы и пэкIэ сэ злэжьа Iуэхугъуэхэр щIэсщIар иджыри зэ сыщIэупщIэжмэ, адэфэкIа сызымыгъэгъусэж».

Ахэр аргуэру гъуэгу теувэжащ. Ауэдэ кьуэжа Iуэрым дыхьахэти, нэху кьыщIекIыну зым и дежи щIагъэхьакъым, яшхыни кьратакъым. Арщхьэкlэ, жылэм здрикIуэ, ныкъуэжауэу зы уиз блын илъэгъуати, лы Iущыр къэувдыIэри ар быдэу игъэувыжащ. Муси абы дэIэпыкъуащ. Лъжьыгъэр яуха нэужь, бегъымбарым жиIащ: «ХьэщIагъэ къыщIдамыха жылэм дэт блынир зэфIэбгъэувэжащ. Ухуетэмэ, ар зейхэм абы и пщIэр кьеIыпхьфынут».

Ар щыIэзэжьам, лы Iущыр къэпсалъэри: «Уэрэ дэрэ дызыбгъэдэмыкIыжу хъунукъым. Ауэ абы и пэкIэ сэ злэжьа Iуэхугъуэхэр щIэсщIар щыIэзэжьам, иджы ар зей тхьэмыщкIэм кьыхуэнэжри, зэригъэщIэупщIыжауэ абыкIэ кьиубыд бдзэжьеймкIэ и уногъуэр егъашхэ. Тэмэму щытамэ, пащтыхьми ари ятрихьыжуэ унагъуэр утыкум кьинэнут.

ныбжьыщIэм и адэ-анэр цIыху хъарзынэхэт, Алыхьым пэжу бгъдэдэт. Арщхьэкlэ и бынымыхьыщIэт. Ар балигъ хьужа, кьэзыльхьэжа лей кьатригъэхьэу игъэсэнути, Тхьэр хуеищ, щIалэр абыхэм кьаIихьыжу, абы и пIэкIэ нэгъуэщI тэмэм яритыжынущ. Аращ ар щIэзэкIар. Блын зэзгъэпэщIыжар зейр сабий зеинщэхэт. Я адэр щыпсэуи и мылъку абы и щIагъым щIигъэнщIкIуащ. Блынир кьэуКIуриятэмэ, а хьугъуэфIыгъуэр кьыщIэщынут икIи цIыху мыхъумыщIэхэм ар бын зеинщэхэм кьытрахынурэ зральэфэлIэжьынути, зэфIэзгъэувэжыну Тхьэм унафэ кьысхуищащ. Сабийхэр быдэкIуэтейрэ я щхьэр яхьужмэжыр хьумэ, я адэм кьахуигъэна мылъкур Алыхьым кьаритыжынущ. Абыхэм я адэ-анэр Тхьэр я фIэщ хъуэ, цIыху пэжхэу дунейм тетати, я бынхэм абы гущIэгъу яхуищащ. Аращ уэ бгъэщIэгъуэ Iуэхугъуэхэр щIэзлэжьам и щхьэусыгъуэр. Ар щIэсщIар си щхьэм кьиузрыхьауэ аратэкъым, атIэ псоми ди Тхьэу Алыхьым и унафэм сытетущ».

Ахэр жиIэри, зэрызэгурыIуам тету, а тIур зэбгъэдэкIыжащ.

Мусэ абы зэригъусам дерс куэд кьыхихащ. Псалъэм папщIэ, кьыгурыIуащ цIыхум зыгуэр щIаIамэ, абы и щхьэусыгъуэр умышIэу ухуэмыгубжьынУ. Бегъымбарым зыхищIащ мы дунейм кьышIыхьэу псори зыщIэ зыри зэрыщымыIэр, Алыхь закъуэм фIэкIа.

ЦIыхум зы мыхъумыщIэ гуэр кьыщыщIамэ, зэи егупсысырэкъым ар Тхьэм апхуэдэу щIищIам и щхьэусыгъуэм. Нобэкlэ Iейуэ кьыпшIыхьуам уи сэбэпынагъ хэлъынри е фIыуэ кьыпфIэщIам пщэдей уигъэнэхъуфынри Iуэхум хэлъщ. Ар занщIэу наIуэ мыхъуми, иужькIэ кьыппекIуэкIыжынущ. Абы кьыхэкIыу, IуэхугъуэфIхэр сытым дежи лэжьын хуейщ. Псэ хьэлэмIэ зэфIэбгъэкIам и пщIэр цIыхухэм кьуамытыжми, Алыхьым ар зэи игъэкIуэдынукъым.

● Фи гъэIукIэ

Дыгъэгъазэм и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр кьыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, бэрэжьей	5.48	7.18	12.05	14.22	16.31	18.11
2, махуэку	5.49	7.19	12.05	14.22	16.30	18.10
3, мэрем	5.50	7.20	12.05	14.22	16.30	18.10
4, щэбэт	5.51	7.21	12.06	14.22	16.30	18.10
5, тхьэмахуэ	5.52	7.22	12.06	14.21	16.30	18.10
6, блыщхьэ	5.53	7.23	12.07	14.21	16.30	18.10
7, гъубж	5.54	7.24	12.07	14.21	16.29	18.09
8, бэрэжьей	5.55	7.25	12.08	14.21	16.29	18.09
9, махуэку	5.56	7.26	12.08	14.21	16.29	18.09
10, мэрем	5.57	7.27	12.08	14.21	16.29	18.09
11, щэбэт	5.58	7.28	12.09	14.21	16.29	18.09
12, тхьэмахуэ	5.59	7.29	12.09	14.22	16.30	18.10
13, блыщхьэ	6.00	7.30	12.10	14.22	16.30	18.10
14, гъубж	6.01	7.31	12.10	14.22	16.30	18.10
15, бэрэжьей	6.01	7.31	12.11	14.22	16.30	18.10
16, махуэку	6.02	7.32	12.11	14.22	16.30	18.10
17, мэрем	6.03	7.33	12.12	14.23	16.31	18.11
18, щэбэт	6.03	7.33	12.12	14.23	16.31	18.11
19, тхьэмахуэ	6.04	7.34	12.13	14.23	16.31	18.11
20, блыщхьэ	6.05	7.35	12.13	14.24	16.32	18.12
21, гъубж	6.05	7.35	12.14	14.24	16.32	18.12
22, бэрэжьей	6.06	7.36	12.14	14.25	16.33	18.13
23, махуэку	6.06	7.36	12.15	14.25	16.33	18.13
24, мэрем	6.07	7.37	12.15	14.26	16.34	18.14
25, щэбэт	6.07	7.37	12.16	14.26	16.34	18.14
26, тхьэмахуэ	6.07	7.37	12.16	14.27	16.35	18.15
27, блыщхьэ	6.08	7.38	12.17	14.27	16.36	18.16
28, гъубж	6.08	7.38	12.17	14.28	16.37	18.17
29, бэрэжьей	6.08	7.38	12.18	14.29	16.37	18.17
30, махуэку	6.08	7.38	12.18	14.29	16.38	18.18
31, мэрем	6.08	7.38	12.19	14.30	16.39	18.19

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Iуэхущ1апIэм кьыдитащ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчущ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Щхьэ-лъакъуэ гъэва-гъэдия

●Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

ЩХЬЭ-ЛЪ АКЪУЭР япэ щыкIэ ягъэлыр къызыкIэраха къупщхьэр абы халъхьэ, еТIуанэу кьагъавэ, ивэщIыкIыупр зэхуэдитIым фIэкIа къэмынэжьыху. Лэпсыр бинт тIуащIэкIэ аргуэру яз. Щхьэ-лъакъуэм къыкIэраха лыр тыкъыр щыкIуурэ яупщIатэ е лыхьэжьым щIагъэкI, лэпсым халъхьэри, дакъикъэ 15 - 20-кIэ ягъавэ.

МафIэм къытрахыкри, ягъэупщIыу градус 50 - 60 хьуху, итIанэ бжьыныху уба, буршрэ шыбжий пТыжькърэ хьажвэу халъхьэ, фIыуэ зэлащIэри, сантиметри 3 - 4 и Iуваугъы тепщэч куум иракIэ, ягъэупщIыуа нэужь, щIыпIатэм дагъэувэри, ягъэдий. Iэнэм щытрагъэувэкIэ лэпс диярэ зэпэпIимэуэрэ зэпыупщIауэ тепщэч чэнж щыкIухэм ираугъхьэ, абы шатэкIэ щIа бжьыныху шыпс тракIэ. Дашх пIастэ щIыIэ, чыржьи, щIакхъуэ.

Халъхьэр (щIыхуитI ныхьэ): мэлыщхьэу - г 2300-рэ, мэл лъакъуэу - г 800, псыуэ - г 1840-рэ, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 40, шыгъуу - г 10, шыбжий сыр хьэжауэ - г 3, бурш мыхьэжауэ - г 5, бжьныху укъэбзауэ - узыхуэйм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхыгъым кIэнтхыжащ.

●Апхуэди къэкъуэ

Аращ, унэпсеймэ

Дыуэщ1ым дыхьэхэщ, колхоз унафэщ1ым и Iэр яубыдри, лъэныкъуэкIэ етIысэхащ телевиденэм икIас эр. Тетрадь иБыгыуэ пщIантIэм зылI дэс т. Мухьэмэд и фэ курткэ жыпым иIэбэри, сом 200-р кьиГъэIэгъуащ. TIэкIурэ гупсысэщ-гупсысэри, и зэхуэдитIыр ирилъхьэжащ. Зы сыхьэт ныкъуэ хуэдэкIэ ахъшэр кьрихирилъхьэжурэ щысащ. ИтIанэ къожьэжхэр.

- Уэрей, ахъшэр еЗмыта, - жеIэ Мухьэмэд, - си сом 200-м хуэныкъуэкъым ар? А тIэкIур зэщIыпIэ дежи кьщыхэщIыныкъым.

Налшык кьыдэлъэдэжа нэужь, Мухьэмэд машинэр шоферым кьрегъэгъэувыIэри, Сэлим жреIэ:

- Уэрей, сыкъэмэжалIам. Мо кафем щIыхьи, зы хьэршын къэщэху. ЛэжьапIэм дынэсыжмэ, щытщыхащ.

И жыпым йоIэбэри - ахъшэр бгъуэтмэ, кьащтэ. Жыпу иIэр кьещ - игъуэтыжыркъым. ЗэрыхуигъэфащэмкIэ, мо жьыуей щызэпещэ пщIантIэм щыдэсым, щэ-плIэ кьепсат, и жыпым бэлътэкури зыбжанэрэ кьрихати, абы щIыгъуу ахъшэр кьихуауэ арат.

КУШЫКУ TIуТI.

●Iэщэнэхэр

Набдзэ ижьыр машхэ

♦Лъэгум ущIэтIэхъуэну фIыкъым.
♦ЛIам и гугъу ящIу зыгуэр кьепсамэ, абы и дамащхьэм теуIуэрт, мылIэн щхьэкIэ жаIэрти.
♦Махуэм и хэщIыгъуэм деж щхьэи яупсыртэ-къым, Iэбжьани паупщIыртэкъым, щыгъыныщIи ябзыртэкъым.
♦Набдзэ ижьыр шхэмэ, уогуфIэ жаIэрт.

●Фэ фщIэрэ?

КъэкIыгъэцIэхэр

Абаззэхъуей - мальва
Адакъэкlэ - ковыль Лейсинга
Адыгэудзщхьэхужь - нивяник обыкновенный
Ажжжьакlэ - козлобородник
Ажгъуэмэ - подснежник
Ажгъуэмэнэпщ1 - морозник
Ажгъуэпщ - рябчик
Ажьмыжь - пустырник волосистый
Алмэстыщхьэц - повилика
Аму - бутень клубненосный
Амудзэгу - купырь длинноносый
Амунэпщ1 - купырь дубравный
Андэгурэ - свербига восточная

●Къуажэхьэр

Iущащэ-Iу щабэ

♦Хэт кьакIуэми фIэхъус ирех.
♦Хьэкъущыкъу гъуанэпщIанэ.
♦Iущащэ-Iу щабэ.
♦Бгыкъуншэ унэ.
♦ «Бу» жьзымыIэу мэкъушх.

Жэуапхэр:

Дежьку Iэмэкъ. Iлъэныр. Iлъэныр. Iэ. Зэфэ. Гъэдэфыкъ.

Напэкlэуцlыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

● ЖъзыIэм емылъытауэ, гъэщIэрэщIауэ кьапсэлъ псори фэрыщIагъщ.
●Нысэ мыхъумыщIэр унагъуэ зэIыщIэщ.
●Нохьыбэ шихьи уи гугъуэ, ихуемыгъэхьан хуэдиз уемыдакъэ.
●ЦIыху IущкIэ узэдэж хъунур адрейхэм я ныкъусаныгъэхэр Iэдэбу зыщэчыфырщ.
● ХъэщIэр кьэса иужькIэкъым унэр щапхъэкIыр.

КIУРАШIН Алий.
ХьэтIохъущыкъуей кьуажэ.

●ЖыIэгъуэхэр

Уи упщIэм жэуап кьрамытыжмэ...

●Уи упщIэм жэуап кьрамытыжмэ, узыщIэупщIам зыри хамыщIыкIыу аращ.

Мамхэгъ Хьэчим и спорт школым и текIуэныгъэ

●Каратэ

Иджыблагъэ Волгоград щыIэзэхэтащ Ипщэ федеральнэ щIыналъэм каратэ-кекуси-каймкIэ и чемпионатрэ зэхьэзэхуэ зэIухарэ. Абы хэтащ къэралым и щIыпIэ куэдым икIа спортсмен 200-м нэблагъэ.

МАМХЭГЪ Хьэчим зи унафэщI Спорт Школ Зэхэтым и гъэсэнхэм зэхьэзэхуэм япэ гуп увыпIэр къащIахьащ.

Ильэс 12 - 13 зи ныбжьхэм къахэжаныкIащ Мамбэт Исльам, Москоглов Илья, Джинчарадзе Мамед, Решняк Никитэ сымэ. ЦIыхухъуэм я деж щытекIуащ Бикташ Эмиль (кг 70), Завлиев Аззмэт (кг 80 нэс), Насыплы TIэхьир (кг 80-м щIигъу). ЕтIуанэ хъущ Акаев Аскэррэ (кг 70) Перельман Михаилрэ (кг 80). ЦIыхубзхэм я гупым Кабуловэ Зое (кг 60) дыжьын медаль кьыщихьащ.

Саугъэт щхьэхуэхэр иратащ Завлиев Аззмэтрэ (чемпионатым и бэнакIуэ нэхъыфI) Джинчарадзе Зурабрэ (чемпионатым и судьи-рефери нэхъыфI).

КъБР-м Каратэ кекусинкаймкIэ и федерацэм фIыщIэ яхуещI чемпионатым кIуэнымкIэ щIэгъэхьуэн кьхьуэхьуахэу республикэм Спортымрэ туризмэмкIэ министерствэм, КъБР-м Кекусинкаймкlэ и зэгухьэныгъэм и унафэщI Зрум Леонид, Кекусинкаймкlэ федерацэм и Попечительсхэ советым и унафэщI Назрэн Альберт сымэ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

●Псалъэжьхэр

Дыгъэ лъакъуэ къыпхуэубыдын?

■Бжьэм фо здэщыIэр ешIэ.
■Бэзгум цIыхур зэрегъэукI.
■Вым лъэмыIэсыр гуфэм йоуэ.
■Делэм куэд ищIэ кьыфIощIыж.
■Дыгъэ лъакъуэ кьыпхуэубыдын?
■Джэдыр щыкъакъэм щокIэщI.
■Бзыгъуэ нэпсейр шэм етхьэлэ.
■Жьындурэ гугъат тхьэрыкъуэ кьришыну.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **2.** Джэдкъаз. **4.** Iэщхэм я тхьэ. **7.** Мыслымэн лъэпкъыщхьэ. **8.** Кьэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу лъэпкъ. **9.** Кьуажэдэсыр пщэдджыжьым жьыуэ кьэзыгъэуш. **10.** Гъатхэм пасэу кьэлъэтэж кьуалэбзу. **12.** Дэрбзэр Iэмэпсымэ. **14.** Кьуажэ унагъуэм и ерыскьыпхъэ хьуманIэ. **16.** « ... зимыIэм дзажэкIэ щIэщ». **18.** Лы лей зытелъ щIыху. **21.** Дыгъужьыр зыфIэбэлацэ хьэкIэкхъуэкIэ. **24.** Студентым ... куэд щIидзыкIащ. **25.** Джэдым ар и пщIыхьэгъыщ. **26.** Зи кIапэ лъэныкъуэр упIэщIа гъущI кIапэ, пхъэ иризэгууду. **29.** Урысей Федерацэми, нэгъуэщI кьэрал зыкъомми щыцIэрыIуэ адыгэ физик. **30.** Пушкиным и зэманым псэуа япэ адыгэ щIэныгъэлIхэм ящыщ. **31.** ... десэ. **34.** ТхьылымпIэм итыр зэрыщIагъэбыдж дамыгъэ. **35.** Адыгэш кьабзэ. **36.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхуб эрпст, музтеатрым и лэжьакIуэ Кьэныжь ... **38.** Щоджэнщыкъ Алий и уэз цIэрыIуэ. **39.** Кьыдалъхуауэ щIыхум и щIыфэм хэс. **40.** Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъ. Ди республикэми мин зыкъом исщ. **42.** Гуэгушыхьум, кьазыхъум я бгъэм тетщ. **45.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым ис муслымэнхэм я Iэтащхьэ. **47.** Шэжьпс гъэфIэIуа. **49.** АбыкIэ хьэм уеуэми гьыркъым. **50.** НэщI исым и пшэдджьжьышхэ. **51.** МафIэ бзий кьыдидзу, уафэм кьыщоуэ. **52.** Хьыбар дыхьэшхэн куэд зытражьIыхь, адыгэми, балъкъэрми, Курыт Азием щыпсэу лъэпкъхэми я IуэрыIуатэм хэт щыху. **53.** Хьэжьщыкъым щыщ.

Къехыу: **1.** Щlыхум зыгуэр и щхьэм иригъэжьныгъэ. **2.** Зи ... исым и уэрэд жеIэ. **3.** Кьуажэ «транспорт». **4.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхуб е усакIуэ. **5.** ЩIыхьгъуэ кьэзыщагъащIэ. **6.** ЛьагапIэ, бжьэпэ. **11.** ... бэлътоку. **13.** Сосрыкъуэ, Бэдыныкъуэ сымэ зыщыщ лъэпкъыр. **15.** МыльхукIэ, быльмыкIэ нэпсей щIыху. **17.** ХьумакIуэ, кьэрэгъуд ... **19.** ... джанэ е щIымахуэ ... **20.** Удз: уеIуэсмэ, укъес. **22.** Удз сыр лIэужьыгъуэ. Адыгэм куэд щIауэ яшх. **23.** МахуэщIэ. **27.** Iэпслъэдацэ хьэкIэкхъуэкIэ. **24.** Студентым ... куэд щIидзыкIащ. **25.** Джэдым ар и пщIыхьэгъыщ. **26.** Зи кIапэ лъэныкъуэр упIэщIа гъущI кIапэ, пхъэ иризэгууду. **29.** Урысей Федерацэми, нэгъуэщI кьэрал зыкъомми щыцIэрыIуэ адыгэ физик. **30.** Пушкиным и зэманым псэуа япэ адыгэ щIэныгъэлIхэм ящыщ. **31.** ... десэ. **34.** ТхьылымпIэм итыр зэрыщIагъэбыдж дамыгъэ. **35.** Адыгэш кьабзэ. **36.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхуб эрпст, музтеатрым и лэжьакIуэ Кьэныжь ... **38.** Щоджэнщыкъ Алий и уэз цIэрыIуэ. **39.** Кьыдалъхуауэ щIыхум и щIыфэм хэс. **40.** Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъ. Ди республикэми мин зыкъом исщ. **42.** Гуэгушыхьум, кьазыхъум я бгъэм тетщ. **45.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым ис муслымэнхэм я Iэтащхьэ. **47.** Шэжьпс гъэфIэIуа. **49.** АбыкIэ хьэм уеуэми гьыркъым. **50.** НэщI исым и пшэдджьжьышхэ. **51.** МафIэ бзий кьыдидзу, уафэм кьыщоуэ. **52.** Хьыбар дыхьэшхэн куэд зытражьIыхь, адыгэми, балъкъэрми, Курыт Азием щыпсэу лъэпкъхэми я IуэрыIуатэм хэт щыху. **53.** Хьэжьщыкъым щыщ.

Къехыу: **1.** Щlыхум зыгуэр и щхьэм иригъэжьныгъэ. **2.** Зи ... исым и уэрэд жеIэ. **3.** Кьуажэ «транспорт». **4.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхуб е усакIуэ. **5.** ЩIыхьгъуэ кьэзыщагъащIэ. **6.** ЛьагапIэ, бжьэпэ. **11.** ... бэлътоку. **13.** Сосрыкъуэ, Бэдыныкъуэ сымэ зыщыщ лъэпкъыр. **15.** МыльхукIэ, быльмыкIэ нэпсей щIыху. **17.** ХьумакIуэ, кьэрэгъуд ... **19.** ... джанэ е щIымахуэ ... **20.** Удз: уеIуэсмэ, укъес. **22.** Удз сыр лIэужьыгъуэ. Адыгэм куэд щIауэ яшх. **23.** МахуэщIэ. **27.** Iэпслъэдацэ щIыщ. **28.** ... кьарэ сефащ. **32.** Псы Iуфэ мывалъэпшахъуалъэ. **33.** Апхуэдэ щIыхуур щыту лIэуэ жеIэ адыгэ псалъэжьым. **37.** ... зытI йохуэж. **38.** Зи нэхэр куууэ ис. **41.** Бзылъхугъэ щIалэ. **42.** Псори зи IэмыщIэ илъ. Пщым, пащтыхьым апхуэдэу йоджэ. **43.** Кьэхъуа Iуэхугъуэ гуэрым фIыуэ щыгъуазэ, ар зи нэгу щIэкIа. **44.** ЩхьэкIэкхъуэкIэ щынагъуэ. **46.** Дыгъуасэ ... кьэзыщыщIащ. 48. ХадзэхэкI.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Жэпуэгъуэм и 30-м ди газетым тета псалъэзэблэдым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **7.** Нэгумэ. **8.** Тезыр. **9.** Атлас. **12.** Накъыр. **13.** Жэрумэ. **14.** ПщыхьэщIэ. **15.** Куэщ. **17.** Бгъуэ. **20.** Хьэкъуэт. **21.** Гьуэздж. **22.** ХьэIупэ. **23.** ТхакIуэ. **24.** Абэ. **26.** Жор. **29.** Гуащэ-гъаГъ. **34.** «НэфIыпIэ». **35.** Египет. **36.** Бэдын. **37.** Шабзэ. **38.** Бешто.

Къехыу: **1.** Къэуат. **2.** ХьумпIыр. **3.** Хьерлы. **4.** Ныбгъуэ. **5.** Щтыригъу. **6.** Басмэ. **10.** ЩIэп. **11.** Ажэ. **16.** ЩытхьэлI. **17.** Бзэгъэтыж. **18.** Долэп. **19.** ЕджакIуэ. **25.** Бжьыныху. **27.** Офицер. **28.** ШэрэдЖ. **29.** Гуэн. **30.** ШэращI. **31.** Гъыбзэ. **32.** Гъей. **33.** Театр.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **ЖъэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Щыр дий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжькьарэ Алинэ.**



ДИ ХЭЩIАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхугъащ1ыIэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхугъащ1эм и - 42-26-41; сурэтхечым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пжьагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху еплыкIэр эзтехуэ зэныту щыгъкъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьныр и щIэ дальщ федеральнэ нощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щIэныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм лыгъэгъаэм и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.

Зы щIэхъэм газетыр 250-р кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къудзэ Дыщэкl Соня, редактору Банэ ФатIимэ, корректорхэу ПхытIыкI Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*, корректорэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *Компьютеркlэ газетым и теплъэр яублащ* Дол Мариноэ, Щомахуэ Марианэ, ГъукIэлI Рас, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытредзар сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №3182